## PEDAGOGIKA. PSIXOLOGIYA. METODIKA. PEDTEXNOLOGIYA

# УЛЫЎМА ОРТА БИЛИМ БЕРИЎ МЕКТЕПЛЕРИ ҲӘМ КӘСИП–ӨНЕР КОЛЛЕДЖЛЕРИНДЕ ОҚЫЎШЫЛАРДЫ КӘСИПКЕ БАҒДАРЛАЎДА ҮЗЛИКСИЗЛИКТИ ТӘМИЙИНЛЕЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Т.Аймухаммедова –** *үлкен оқытыўшы*
*Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў институты*

**Таянч сўзлар:** ўқувчи, ўсмир, шахс, қобилият, тўгарак ишлари, касб-ҳунар, интилиш, билиш, имконият, истеъдодлилик, умумтаълим мактаблари.

**Ключевые слова:** ученик, подросток, личность, кружковая работа, профессия, одарённость, знание, способность, талант, общеобразовательные школы.

**Key words:** pupil, teenager, personality, circle work, profession, giftedness, knowledge, ability, talent, comprehensive schools.

Өзбекстан Республикасының «Кадрларды таярлаў миллий бағдарламасы» ҳәм «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызамда атап өтилгениндей, жас әўладты тәрбиялаў, оларға билим бериў, ҳәр бир оқыўшының мәнаўий баркамал шахс болып жетилисиўи ушын тәлим-тәрбия процеси ҳәм мазмунын оқыўшының имканияты, қызығыўшылығы, қәбилетлери менен муўапықластырыў, бунда ҳәр бир баланың индивидуаллығы тийкарында физикалық, руўхый раўажланыўын тәмийинлеў әҳмийетли ўазыйпа болып есапланады. Биринши Президентимиз И.Каримов кадрларды таярлаў системасының қәлиплесиўи ҳәм жумыс алып барыўының тийкарғы принциплерин белгилеп берип, «Мәмлекет ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң кәсип-өнерге бағдарлаў бойынша жумысын жетилистириў. Бунда кәсип таңлаўдың базар талаплары ҳәм имканиятларын итибарға алыў зәрүр, өйткени ҳәр бир шахс өзине сай кәсипти ийелей алсын»-деген еди.

Орта билим бериў мектеплери ҳәм кәсип–өнер колледжлеринде оқыўшыларды кәсипке бағдарлаўда ажыралмаслықты тәмийинлеў, кәсип-өнерге бағдарлаў жумысларын жетилистириў машқаласына Ж.Ғ.Йўлдошев айрықша тоқталып, кәсипке бағдарлаў жумысларын шөлкемлестириўде тек ғана сабақларда емес, ал сабақтан ҳәм мектептен тысқары жумысларда да нәтийжели әмелге асырыў мүмкинлиги, бунда дөгерек басшысының роли үлкен әҳмийетке ийе екенлиги ҳәм дөгерек оқыўшылардың дөретиўшилик қәбилетлерин раўажландырыў менен бирге, иске болған қызығыў-шылықларын қәлиплестириўи ҳәм де кәсипти саналы рәўиште таңлаўлары тийкар болып хызмет етиўи ҳаққында тоқтап өткен. Сондай-ақ, дөгереклерден тысқары оқыўшыларды кәсипке бағдарлаўда ислеп шығарыў белсендилери, мийнет ветеранлары, түрли кәсип ийелери менен ушырасыўлар өткериў, өндирис кәрханалары, фермер хожалықлары ҳәм кәсип-өнер колледжлерине саяхатлар шөлкемлестириў, кәсиплер дүньясы ҳаққында баянатлар жасаў, сәўбетлер өткериў сыяқлы илажлар арқалы кәсипке бағдарлаў жумысларын әмелге асырып барыў мүмкинлиги ҳаққында пикир билдирген.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде кәсипке байланыслы мәсләҳәтлерди өткериўди шәртли еки басқышқа ажыратыў мүмкин:

- оқыўшы шахсын үйрениў;
- саналы кәсип түри, кәсип таңлаўға педагогикалық басшылық етиў.

Оқыўшы шахсын үйрениўде болса төрт тийкарғы бағдардың үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көрсетип өткен:

- бағдарланғанлықты үйрениў (шахс нени қәлейди), басқаша сөз бенен айтқанда, шахс ушын умтылыў қайсы тараўға қаратылған. Бул шахстың қызығыўларында, уқыплылығында, исениминде өз сәўлелениўин табады.
- жас инсанның қәбилети ҳәм талантын үйрениў (не ислей алады), бул оның индивидуал қәсийетлери белгили бир жумысты жақсы ийелеўи ушын субъектив шәрт-шараят болып хызмет етеди.

Ол анық жумыс түри техника, музыка, тәбияттаныў, педагогика ҳәм т.б.да көринеди. Олар жумысты тез өзлестирип алады, тез, анық ҳәм пухта жумыс көрсетеди.

-шахстың характерин ҳәм тийкарғы өзгешеликлерин үйрениў (шахста бар болған қәсийетлери), бул қәсийетлер, психологиялық реакциялар адамлар менен қатнаста өзине, иске мүнәсибетинде көринеди.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшыларды математика, сызыў, архитектура санааты пәнлерине бағдарлаўда сызыў ханасының орны үлкен әҳмийетке ийе екенлиги ҳаққында тоқталып, сызыў бойынша кәсипке бағдарлаў жумысларын класстан тысқары тәрбиялық саатларда оқыўшылар жумысын қәлиплестирип барыў үлкен әҳмийетке ийе екенлигин атап өткен. Соның менен бирге оқыўшыларды сызыў бойынша кәсипке бағдарлаўды қәлиплестириў, оқыў, жумыс процесинде системалы қатнас әҳмийетли. Оқыўшылардағы техникалық дүнья-қарасы, политехникалық мәденияты, графикалық жумысы, кеңликтеги қыял ҳәм ойы, дөретиўшилик ҳәм баслама менен шығыўшылығы, илимге меҳир-муҳаббаты, потенциялы ҳәм таланты, мийнет сүйиўшилиги, исбилерменлиги, миллий мақтаныш сезимлери, миллий қәдириятларға ҳүрмет, мәдений мийрасқа

муҳаббат, инсаныйлық сезимлери, сабыр-тақатлылық, ийман, пәклик, еркин пикирлилик, ғәрезсизликти беккемлеў ҳәм раўажландырыў идеяларына садықлылық сыяқлы түсиниклер тийкарында оқыўшыларды әҳмийетли мақсетли кәсипке бағдарлаў педагогтың дыққат орайында турыўы керек [2].

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшылардың шыпакерлик кәсипке қызығыўшылықларын басқышпа - басқыш қәлиплестириўге қаратылған болып, “Кәсипке қызығыўды қәлиплестириў психологиялық-педагогикалық процесс болып, бул шахстың кәсип ҳәм оның өзгешеликлерин үйрениўге жәрдем бериўши мақсет, әҳмийет ҳәм принциплер, усыл ҳәм қураллар бирлиги” деп пикир билдирип, кәсипке бағдарлаўдың билимлендириў ҳәм тәрбия жумыслары менен байланыслы ҳалда басқышпа-басқыш әмелге асырып барыў әҳмийетлилиги ҳаққында тоқталған. Соның менен бирге оқыўшы шахсында кәсипке қызығыўшылықты қәлиплестириўде төмендеги өзгешеликлер үлкен әҳмийетке ийе екенлиги көрсетилген:

- сезимге берилиўшеңлиги;
- эмпирик (тәжирийбелик);
- ақылға сай пикир жүритиўи;
- жоқары жеделлик ҳәрекетлери.

Бунда шахслардың жасындағы айырмашылық ҳәм де характериндеги өзине сай өзгешеликлер көбирек итибарға алынады.

Ҳақыйқатында да, оқыўшыларда кәсиплик қызығыўшылықты қәлиплестириўдиң бул шараятында ол ямаса бул басқышта өзине сай болыўы итималлылығы жоқары. Барлық басқышлар ушын айырым принциплер өткинши болыўы мүмкин, бирақ мазмун-маңызы ҳәр бир басқыш ушын оғада әҳмийетли өзгешелик болып қалады.

Мектепте балаларға, өспиримлерге көплеген жәмийетлик факторлар тәсир көрсетеди ҳәм бул факторлар олардың кәсиплик нийетлерин қәлиплестириўге тиккелей ҳәм тиккелей болмаған ҳалда байланыслы болады. Оқыўшылар барлық кәсиплерден де хабардар бола бермейди, әдетте олар жәмийетке зәрүр кәсиплерди кем биледи ямаса олар ҳаққындағы түсиниклери жетерли болмайды [3].

Оқыўшыларды кәсипке бағдарлаўда ең дәслеп оларды кәсиплер әлеми, кәсиплик жарамлылық, кәсиптиң жәмийетлик шәрт-шараятлары ҳаққында оларға толық мағлыўматлар бериліўи менен бирге изшиллик ҳәм өз ара байланыс арқалы педагогикалық ўазыйпалар шеңберин сондай кеңейтиў керек, оқыўшы улыўма орта билим бериў мектебин питкергенинше саналы түрде кәсип таңлаўы ҳәм сол кәсип ҳаққында теңлеслери, дослары алдында айтып беретуғын болыўы керек. Бунда оқыўшының кәсип таңлаўында нәтийжели тәсир етиўши фактор улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм кәсип-өнер колледжлери оқыўшыларын кәсипке бағдарлаўдың бир пүтинлиги үлкен әҳмийетке ийе.

Солай екен, улыўма орта билим бериў мектеплеринде шөлкемлестирилген кәсип-өнерге бағдарлаў ханасы оқыўшыларға кәсиплер әлеми, жақын аймақта жайласқан кәсип-өнер колледжлери, олардың таярлаў бағдарлары, кәсип ҳәм қәнигеликлери ҳаққында мағлыўматлар бериў менен бирге кәсипке бағдарлаў илажларын өткериўинде тийкарғы мәкан болып хызмет етиўи керек. Кәсип-өнер колледжлеринде де улыўма орта арнаўлы билим бериў мектеп питкериўшилерин таярлаў бағдарлары, кәсиплер ҳәм қәнигеликлер бойынша жәмийеттиң қәнигели кадрларға болған мүтәжлиликлери бойынша бир пүтин байланыслы мағлыўматларға ийе болыўлары керек.

Бүгинги күнде халық билимлендириўи ҳәм кәсип-өнер билимлендириўи системасының өз ара биргеликтеги жумысларын ҳәр қашанғыдан да жоқары басқышқа көтериў керек. Оқыўшыларды кәсипке бағдарлаў төмендеги мақсетлер ушын хызмет етиўи көрсетилмекте.

• шахсты жәмийетлик ҳәм экономикалық қорғаў (яғный өз қызығыўшылықлары, қәбилетлери ҳәм имканиятлары бойынша кәсип таңлаған адам оны табыслы өзлестиреди ҳәм кәсиплик җәне материаллық жақтан нәзерде тутылған нәтийжелерге тезирек ериседи);

• улыўма орта билим бериў мектеплериниң 9-класс питкериўшилерин орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириў мекемелерине мүмкиншилиги болғанынша толық қамтыў;

• мийнет резервлеринен пайдаланыў ҳәм оларды нәтийжели бөлистириў есабынан мәмлекеттиң экономикалық қуўатлығын беккемлеў [1].

Айтып өтилген пикирлер оқыўшыларды кәсипке бағдарлаўда өз ара бирге ислесиўдиң әҳмийетли бағдары болып хызмет етиўи мүмкин.

Оқыўшылардың кәсип таңлаўына төмендегидей факторлар тәсир көрсетеди:

1. Мәмлекетимиз ушын характерли болған үлкен жастағылар, шаңарақ ағзаларының көзқараслары;
2. Теңлеслериниң көзқараслары;
3. Мектептеги педагогикалық жәмәәттиң (оқытыўшылар, класс басшылары ҳәм басқалар) көзқараслары;
4. Шахстың кәсиплик ҳәм турмыслық режелери;
5. Жеке қәбилетлер ҳәм оларды көрсетиў;
6. Жәмийеттеги статусқа умтылыўшылық;
7. Ол ямаса бул кәсиплик жумыс ҳаққындағы мағлыўматқа ийе болыў;
8. Бейимлилик

Жоқарыда атап өтилген пикирлерге тийкарланып соны атап өтиў мүмкин, бизиң пикиримизше, кәсип таңлаўға җәне төмендеги факторлар тәсир көрсетиўи мүмкин:

1. Киши қәнигеге болған талап, яғный жумыс орынларының бар болыўы;
2. Кәсиплик мотивация;

3. Кәсиплик жарамлылық;
4. Билимлендириў мекемелери ямаса ислеп шығарыў кәрханалары ҳәм мекемелериниң узақ-жақынлығы;
5. Кәсиптиң абыройлылығы сыяқлылар.

Солай етип, кәсип таңлаўда және бир әҳмийетли қәдем – бул өзиниң қәбилети ҳәм денсаўлығына баҳа бериў. Бунда усы баҳалаўдың зәрүр, бирақ жетерли болмаған процедура екенлигин инабатқа алыў керек.

**Әдебиятлар**

1. "Ўқувчиларни касб-ҳунарга йўналтиришнинг психологик ташхис муаммолари" мавзусидаги Республика илмий–амалий конференцияси материаллари. – Тошкент: 2005.
2. Давлетшин М.Г. Психологияда шахсни ўрганиш истиқболлари. "Халқ таълими" журнали, 2001, № 3-5.
3. Матмуратова Н.Б. Ўқитувчиларга психологик ёрдам берувчи ўйин ва машқлар. Ўқув-услубий қўлланма. -Т.: ТДПУ. 2006.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада узлуксиз таълим тизимининг дастлабки бўғинларидан бири бўлган умумтаълим мактабларида ёш авлодни уларнинг қизиқиш, интилиш ва қобилиятларидан келиб чиққан ҳолда касбга йўналтиришнинг аҳамиятли бўлган масалалари келтирилган. Мактаб ўқувчиларининг келажакда қандай касб эгаси бўлиши ва қайси касб-ҳунар коллежларида ўқишни давом эттиришини танлаш билан боғлиқ бўлган ўзаро ҳамкорлик ишларининг аҳамиятли йўналишлари маълумот сифатида келтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описываются материалы по вопросам профессиональной ориентации подростков, в том числе учитываются их интересы, стремления и способности. Также рассматриваются вопросы о выборе учениками средних школ будущей профессии и профессионального колледжа для дальнейшего обучения, а также в качестве информации приводятся важные направления сотрудничества этих учреждений по этому вопросу.

**SUMMARY**

The article deals with the information about the questions of teenagers' professional orientation taking into consideration their interests, tendency and abilities. The issues of choosing future professional colleges for further education are shown, and also there are given important directions for cooperation of these institutions to solve this issue.

## ХАЛҚ ПЕДАГОГИКАСИДА ЁШЛАРГА ДЕҲҚОНЧИЛИК ҲАҚИДА ТУШУНЧАЛАР БЕРИШ ВА ОБ -ҲАВОНИ АНИҚЛАШГА ЎРГАТИШ ТАЖРИБАЛАРИ

**А.А.Бекимбетова –** *педагогика фанлари номзоди*
*Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университети*

**Таянч сўзлар:** халқ педагогикаси, деҳқончилик, чорвачилик, об-ҳаво, ақлий тарбия.
**Ключевые слова:** народная педагогика, сельское хозяйство, животноводство, погода, умственное воспитание.
**Key words:** national Pedagogics, agriculture, stock-breeding, weather, mental education.

Қорақалпоқ халқининг ҳам бошқа туркий халқлари сингари деҳқончиликка боғлиқ ҳисоб-китоб юритиш ишлари осмон жисмларининг Ерга таъсирига боғлиқ ҳолда юзага келган. Улар табиатнинг янгиланишини «Наврўз» ойи деб аташган. (21-мартдан 19-апрелгача). Ой ўз ҳаракатларида ўн икки хил юлдузлар туркумини уя сифатида макон қилиб устидан ўтган. Биринчи юлдузлар гуруҳини узоқдан қараганда, Қўзига (қўйга) ўхшатганликдан халқ Қўзи (Ҳамал) ойи – деб атаган.

Халқ баҳорги дехқончилик ишлари билан боғлиқ ҳаракатларини кузнинг охирида Жанубга учиб кетган қушларнинг қайтиб келиш вақтига қараб ҳам белгилаган. Улар қушларнинг қайтиб келишига боғлиқ об-ҳавода ўзгаришлар юз беришини ўз кузатувларида кўп ўргатган. Шу асосда деҳқонлар баҳор фаслида қушларнинг қайтиб келиш вақти билан экин экишнинг ўзига хос вақт ҳисобини тузган. Қушлар қайтиб келганда бўладиган табиатдаги айрим ўзгаришларни «қушнинг қойи», «киали» ҳолатнинг юз бериши [2:14] – деб тушунган.

Халқ баҳорда етти туркум қушлар гуруҳи келишини олдиндан ҳисобга олиб, етти маротаба «қой» бўлишини бунга мос дехқончилик ишларини режалаштириш зарурлигини инобатга олган. Февраль ойининг охири, мартнинг бошида қор аралаш ёмғир ёғса, буни «шойи қушнинг қойи» деб билган. Шойи қушнинг товушини эшитган деҳқонлар тез кунда об-ҳавонинг яхшиланишини олдиндан пайқаб, уруғ экишдан олдинги дала ишларини бошлашга киришадиган бўлган. Шойи қуши эрта келса, баҳор эрта бошланган ва шунга мос деҳқонлар эрта пишар экинларини эка бошлаган. Бундай холат юз бермаса, маълум вақтгача ернинг қизишини кутган. Ер «қизий» бошлагандан уруғ экиш керак, шундай қилмаса уруғ салқин тупроқда чириб кетади деб, кўк қарға учиб келиши билан, яъни апрель ойининг ўрталари, май ойининг бошида «қуш қойи» ҳисоби тамом бўлиб, кўпчилик экинларни экиш ишлари тугатилиши назарда тутилган.

Баҳорда ёмғирнинг бемаврид ёғиши, деҳқонлар учун гоҳида ноқулай ҳолат бўлган. Шунинг учун халқ бемаврид ёмғирни ёқтирмай: «Ҳутда тинмасин,